

## Dwa ak Responsabilite ou genyen lè ou resevwa sèvis Administrasyon pou moun ki gen Andikap Developman ak Administrasyon Sipò Alontèm pou Moun Aje ofri

Your Rights and Responsibilities When You Receive Services Offered by Aging and Long-Term Support Administration and Developmental Disabilities Administration

NON KLIYAN

NIMEWO IDANTITE ACES

### Sèvis ki disponib

Ou gen dwa pou chwazi nan sèvis ou elijib pou resevwa yo. Sèvis yo volontè. Administrasyon pou moun ki gen Andikap Developman ak Administrasyon Sipò Alontèm pou Moun Aje (ALTSA- DDA) ka peye epi li ka pa ede w avèk tout bezwen ou yo.

ALTSA ak DDA ofri sèvis yo nan:

- Yon Kay fanmi pou Adilt, Etablisman Rezidans Asiste, Etablisman Sèvis Amelyore, Etablisman Mezon Retrèt, Kay Konpayon, Kay Akèy pou Timoun, Kay Rezidansyèl pou Tiomou avèk pèsonèl otorize; DDA Group Homes, Group Training Homes, ICF/ID yo; OSWA
- Kay yon moun. **Remake:** ALTSA ak DDA pa bay sèvis swen pèsonèl peye 24 èdtan/jou nan kay yon moun. Si ou bezwen swen 24 èdtan kidonk yo ka konsidere lòt opsyon sèvis yo.

Kowòdonatè dosye AAA w, Kowòdonatè Resous dosye DDA, oswa Spesyalis Sèvis Sosyal HCS rele yon **travayè dosye** nan dokiman sa a.

### Dwa ou yo

Ou gen yon dwa pou:

- Yo trete w avèk diyite, respè ak san diskriminasyon;
- Gen enfòmasyon sou ou ke nou kenbe prive nan limit lwa ak règleman DSHS yo;
- Pa dwe abize, neglige, eksplwate finansyèman, oswa abandone. Pou w jwenn yon deskripsyon sou tèm sa yo, vizite: <https://www.dshs.wa.gov/altsa/home-and-community-services/types-and-signs-abuse>. Si oumenm oswa yon moun ou konnen te sibi abi, neglijans oswa eksplwatasyon, tanpri rele liy telefòn gratis DSHS nan 1-866-(End Harm) / 1-866-363-4276 pou pale avèk yon travayè ki kapab ede w;
- Trete kay ou avèk respè;
- Yo dwe enfòme w sou tout sèvis yo ou kapab resevwa epi fè chwa sou sèvis ou vle oswa pa vle;
- Travay an patenarya avèk Kowòdonatè dosye w nan planifye swen w;
- Ou pa oblige reponn kesyon yo oswa fè yon bagay ou pa vle;
- Yo dwe enfòme w alekri sou desizyon ajans yo ak resevwa yon kopi nan plan swen w oswa yon rezime nan plan sipò;
- Pale avèk yon sipèviziè si oumenm ak Kowòdonatè dosye w pa dakò;
- Mande yon odyans administrativ menmsi ou te depoze yon plent;

- Fè yon plent san ou pa pè reprezay menmsi ou te mande yon odyans administrativ;
- Pale avèk yon avoka lè ou rele 1-888-201-1014;
- Refize tout sèvis yo;
- Wap jwenn sèvis entèpretasyon gratis si ou pa ka pale oswa konprann Angle byen;
- Chwazi, dife oswa chanje yon founisè kalifye; ak
- Resevwa rezulta sou verifikasyon antesedan pou nenpòt founisè endividiyèl ou chwazi.

### Responsabilite Pa w

Ou gen responsabilite pou:

- Kite travayè dosye a konplete evalyasyon w omwen chak ane yon kote ki bon pou ou;
- Kite travayè dosye a egzamine anviwonman kote wap viv la omwen chak ane;
- Ba nou ase enfòmasyon pou konplete evalyasyon w;
- Enfòme travayè dosye w si yon lòt moun pran desizyon finansye oswa medikal pou ou;
- Patisipe nan devlopman swen w oswa plan sipò, epi siyen l;
- Konprann founisè w pa kapab peye pou sèvis oswa èdtan yo ki pa otorize;
- Chwazi pwòp swen sante w;
- Chwazi yon founisè kalifye;
- Bay yon espas travay ki ansekirite;
- Kenbe verifikasyon antesedan founisè yo prive;
- Enfòme travayè dosye w si ou gen pwoblèm avèk founisè w oswa si ou pa resevwa èdtan yo founisè w te reklame;
- Peye founisè w chak mwa si ou te ede peye pou swen w;
- Pa aji nan yon fason ki mete nenpòt moun andanje; ak
- Enfòme travayè dosye w si gen yon chanjman nan:
  - ✓ Kondisyon medikal ou;
  - ✓ Èd wap resevwa nan men fanmi oswa lòt ajans yo;
  - ✓ Kote ou abite; oswa
  - ✓ Sitiyasyon finansye w.



## **Responsablite Kowòdonatè Dosye ou yo**

Kowòdonatè dosye w la responsab pou:

- Trete w avèk diyite ak respè;
- Kenbe konfidansyalite w;
- Enfòme w sou kisa ALTSA ak DDA ka fè, oswa pa ka fè pou ou;
- Jwenn enfòmasyon nan men w ak lòt moun pou yon evalyasyon pou detèmine nivo asistans ak deside ki sèvis ou kapab chwazi.
  - ✓ Evalyasyon an ap gen ladan pwen fò w, limitasyon, objektif, ak preferans yo.
  - ✓ Evalyasyon an ap gen ladan èd wap resevwa a oswa ou ka jwenn nan men fanmi oswa lòt ajans yo ak nan fason ou vle sèvis yo fèt;
- Ede w pou devlope yon plan swen oswa plan sipò ki adrese asistans avèk swen pèsonèl e li gen ladan objektif pèsonèl, preferans, ak chwa ou yo;
- Jwenn enfòmasyon nan men w ak lòt moun pou mete ajou plan swen w oswa plan sipò w chak ane oswa lè kondisyon yo chanje;
- Ba ou ase tan pou bay enfòmasyon ki nesesè;
- Adrese pwoblèm yo avèk plan swen w oswa plan sipò lè yo rive;
- Respekte dwa w epi bay plis èd nan aksede sèvis yo si ou gen pwoblèm mantal, newolojik, sansoryèl, oswa fizik; ak
- Ede w jwenn yon founisè kalifye si ou pa ka jwenn youn.

## **Direktiv Davans**

Ou gen dwa pou fè direktiv davans. Direktiv davans ka gen ladan yon testaman lavi oswa yon pwokirasyon dirab pou swen sante w. Direktiv Davans rezime volonté w osijè swen sante mantal ak/oswa medikal, sa ki gen ladan dwa pou aksepte oswa refize tretman chirijikal oswa sante mantal, medikal, lè ou pa gen kapasite mantal pou pran desizyon sa yo. Ou kapab anile direktiv davans ou nan nenpòt kilè.

## **Sèvis Enskripsiyon Votè**

Lwa Nasyonal 1993 sou Enskripsiyon Votè mande pou tout eta yo bay asistans pou enskripsiyon votè grasa biwo pou asistans publik. Aplike pou enskri oswa refize pou enskri pou vote pap afekte sèvis oswa kantite lajan benefis ke ajans sa ka ba ou. Si ou ta bezwen èd pou ranpli fòm enskripsiyon votè a, nap ede w. Desizyon w pou enskri oswa pou refize enskri ap rete konfidansyal e nap itilize I sèlman pou rezon enskripsiyon votè. Si ou kwè ke yon moun te entèfere avèk dwa w pou anrejistre oswa pou refize enskri pou vote, dwa ou genyen pou lavi prive nan deside keseswa ou non pou enskri, oswa pou pa enskri, oswa dwa pou chwazi pwòp pati politik ou oswa lòt preferans politik, ou ka depoze yon plent avèk:

Washington State Elections Office  
PO Box 40229  
Olympia WA 98504-0229  
1-800-448-4881

## **Siyati w**

Siyen sou liy anba si ou konprann dwa ak responsablitè ou yo epi konprann responsablite travayè dosye w la.

---

SIYATI KLIYAN

---

DAT

---

SIYATI REPREZANTAN LEGAL

---

DAT

---

Avi pou kliyan ak anplwaye yo (Tit VI ak VII) Depatman Sèvis Sante ak Sosyal nan Eta Washington Sse yon anplwaye opòtinité egal e li pa fè diskriminasyon nan okenn domèn travay, pwogram oswa sèvis li yo sou baz laj, sèks, oryantasyon seksyèl, janr, idantite/ekspresyon seksyèl, estati matrimonayl, ras, kwayans, koulè, orijin nasyonal, relijyon oswa kwayans, afilyasyon politik, estati militè, veteran ki dechaje onorableman, Epòk Vietnam, pa twò lontan de sa separe oswa lòt estati veteran pwoteje, prezans nenpòt andikap sansoryèl, mantal, fizik oswa utilizasyon yon gid chyen fòme oswa sèvis animal pa yon moun ki gen yon andikap, egalite nan peman oswa enfòmasyon jenetik.

**Dwa ak Responsabilite ou genyen lè ou resevwa sèvis**  
**Administrasyon pou moun ki gen Andikap Devlopman ak Administrasyon Sipò Alontèm pou Moun Aje ofri**  
**ENSTRIKSYON**

1. Prezante fòm sa a bay kliyan an lè wap ranpli premye evalyasyon CARE an ak rezive plan swen an oswa plan sipò. Si kliyan an deja ap resevwa sèvis e li pa t siyen anvan vèsyon fòm sa a, prezante fòm lan bay kliyan an nan pwochen evalyasyon an. Revize fòm lan avèk kliyan an pou reponn nenpòt kesyon sou dwa ak responsabilite kliyan an.
2. Fè kliyan oswa reprezantan kliyan an siyen de kopi nan fòm lan pou endike konpreyansyon I sou dwa ak responsabilite kliyan an lè yap resevwa sèvis Administrasyon pou moun ki gen Andikap Devlopman ak Administrasyon Sipò Alontèm pou Moun Aje.
3. Depoze yon kopi nan dosye papye oswa nan Sistèm Jesyon Dokiman (DMS) epi bay kliyan an lòt kopi a.